



Australian Government



Inkuru ku rukingo rwa Spikevax (Moderna) COVID-19

Ubwa nyuma vyashizwe ahabona: 15 Nyakanga 2021

Ivyerekeranye n'urukingo

Moderna ni urukingo rushobora kubuza abantu ko barwara COVID-19. Dose zibiri zirasabwa, kandi zigatandukanywa n'amayinga 4-6 (mu bihe bidasanze ikirimo kubitandukanya gishobora kuba kirekire). Urukingo rwa COVID-19 Moderna ntirurimwo umugera muzima kandi ntirushobora kugutera canke gutuma wandura COVID-19. Igizwe na code genetic y'igice kinini c'umugera wa SARS-CoV-2 witwaga spike protein. Umaze kuronswa urwo rukingo, umubiri wawe uca ukora ama kopi ya spike protein. Ubushobozi bw'umubiri wawe buzoca bushobora kumenya no kurwanya umugera wa SARS-CoV-2, ari wo utera COVID-19. Iyo code genetic ica ishwanyagurika bikozwe n'umubiri mu buryo bwihuta.

Mu gukinga COVID-19, uwo ari we wese yemerewe urukingo rwa COVID-19 ategerezwa gukingirwa, guhabwa urukingo, kiretse abantu bamwe bamwe bakeya bavuzwe muri uru rukaratazi rw'inkuru. Ukwicancisha nta gahato kajamwo, ni k'uwubishaka. Urashoboara guhanahana ivyiyumviro ku mpungenge canke ibibazo ushobora kuba ufise ku rukingo rwa COVID-19 mukabivugana n'uwuguha urukingo/ canke umuganga wawe akuvura vyose imbere yuko wikingiriza.

Inyungu z'urukingo

Ivyageragejwe vyinshi vyo mu mavuriro vyarerekanye yuko Moderna ikora neza mu gukinga COVID-19 mu bantu bafise imyaka ingana canke isumba ≥ 12 hamwe n'abarenza iyo myaka. Abakuzwe baronkejwe doses zibiri za Moderna bari nk'ibice 94 kw'ijana bofatwa biciye kure cane na COVID-19 kurusha abantu bataronkejwe urukingo. Urukingo na rwo nyene rwari rwiza mu bantu bafise imyaka irenga 65 (86%) no mu miyabaga iri hagati y'imyaka 12-17.

gukinga COVID-19 gutangura nko mu mayinga abiri inyuma yuko umuntu yafashe dose ya mbere. Nubwo dose ya mbere ishobora gukinga, ukwo gukinga kumara igihe gitoya cane. Doses zibiri ni zo zitanga ugukinga kunini. Nta rukingo na rumwe rutsnga ugukinga kungana incuro ijana kw'ijana, ni co gituma bishoboka yuko ushobora kwandura kandi ukarwara COVID-19 inyuma y'uko waronkejwe urukingo. Ntituzi igihe ugukingirwa kwa Moderna kizomara. Tuzobandanya twiga vyinshi kuvyerekeye moderna uko umwanya utera uhaca. Muri iki gihe

ntituzi neza ingene inking za COVID-19 ziriko zirakinga ukurandagata kw'umugera. Ibi bisigura yuko mbere n'abantu baronse urukingo bashobora kwandura uwo mugera utera COVID-19 kandi mbere n'igihe bataba bafise ibimenyetso canke ivyo bimenyetso bikaba ari bito cane, barashobora kwandukiza abandi.

Ibi ni vyo bituma mukwiriye kubandanya gufata izindi ngingo zo kwikingira:

- Guhana inta
- Gukaraba amaboko
- Kwambara agapfukamunwa n'amazuru
- Kwisuzumisha COVID-19 hamwe n'ukwikumira nk'uko bisabwa n'igihugu cawe /intara yawe.

Nimba uja warahawe urukingo ukaba umaze gufata doses zibiri za Moderna, urasabwa nubwo biri uko kwipimisha COVID-19 nimba ufise ibimenyetso vyotuma wipimisha hisunzwe amategeko yashinzwe n'abajewe amagara y'abantu bo mu micungararo urimwo (uburorero. Umururumbo, gukorora, kuvyimba mu muhogo).

Ni nde ashobora kuronswa uru rukingo

The Therapeutic Goods Administration (TGA) bwatanze icemezo c'agateganyo co gukoresha Spikevax (Moderna) kubantu bafise imyaka ≥ 12 nokurenga.

Ni nde adakwiriye kuronswa uru rukingo

Ntiwemerewe kuronswa uru ruking nimba woba warigeze kuba ufise:

- anaphylaxis (ubwoko bwa allergy bukomeye cane) kuri dose ushobora kuba waramaze gufata y'urukingo rugizwe na mRNA COVID-19 (mu yandi majambo. Moderna canke Comirnaty (Pfizer))
- anaphylaxis igihe uronse ikindi kintu na kimwe mu bigize urwo rukingo, harimwo na polyethylene glycol (PEG)
- myocarditis na /canke pericarditis vyavanye na dose waja waramaze gufata y'urukingo rugizwe na mRNA COVID-19 (mu yandi majambo Moderna canke Pfizer)
- ikindi kintu na kimwe gikomeye coba carashitse cavanye n'isubirwamwo ry'uwamogoreye ugutanga inking canke umuganga karuhariwe yometse ivyabaye ko vyakomotse kuri dose y'urukingo rugizwe na mRNA COVID-19 (mu yandi majambo Moderna canke Pfizer) kandi ata yindi mpamvu n'imwe izwi ivyo vyoba vyaravuyeko.

Ukwiyubara ku rukingo

Abantu basanzwe barwaye ingwara zimwe zimwe bashobora kuba bakwiye kwiyubara kurushiriza nko kuguma aho waterewe urukingo iminuta 30 bariko bararaba ibikubako uhejeje mkuronka urukingo rwabo canke ukaja kuraba umuntu adasanzwe yamogoreye ibijanye na allergy. Bwira uwakuronkeje urukingo nimba warigeze kuba urwaye ibi bikurikira:

- **allergy kuri dose ya mbere waja warafashe** canke ku kintu kigize urukingo rwa mRNA COVID-19 (mu yandi majambo Moderna canke Pfizer)
- **Anaphylaxis ku zindi nkingo canke ku yindi miti.** Uwakuronkeje urukingo arashobora gusuzuma kugira ngo arabe neza ko ata bintu bisanzwe birimwo bigize urukingo rwa COVID-19 uriko urahabwa
- mastocytosis yemejwe harimwo na anaphylaxis iguma igaruka bikenewe kuvurwa

Iyo **ufise ingorane y'ukuva amaraso** canke ukaba uriko urafata **imiti ituma amaraso atavura** (anticoagulant), bibarire nyene kuguha urukingo. Nyene kuguha urukingo arashobora gufasha kumenya nimba ata ngorane biteye ko woterwa urushinge rwo mu nyama, kandi akagufasha guhitamwo igihe ciza co guterwa urwo rushinge.

Ibihe bidasanze mukwiye kubanza guhanahana ivyiyumviro imbere yuko uhabwa urukingo

Abantu basanzwe bafise izindi ngwara zo kwiyubara igihe baterwa urushinge rwa Moderna

Abantu basanzwe bafise kahise k'izi ngwara barashobora guterwa urukingo rugizwe na Moderna yamara barakwiye kubanza guhabwa impanuro n'umuganga avura vyose, umuganga karuhariwe mu vy'ugukingira umubiri canke umuganga avura ibijanye n'umutima ku vyerekeranye n'igihe ciza c'uguhabwa urukingo kandi nimba hari ukundi kwiyubara bokwongerako:

- Ibiherutse (mu yandi majambo mu mezi atandatu aheze) canke igwara y'ugusha ku mutima kwo muri iki gihe uburorero myocarditis, pericarditis, endocarditis
- Umururumbo wa rheumatic ukomeye (mu yandi majambo., harimwo ugusha gukomeye kwa myocardial) canke ingwara zikomeye z'umutima
- Kunanirwa k'umutima gukabije

Abantu bafise intege nke z'umubiri zo kwigwanira mu kurwanya ingwara (immunocompromise)

Abantu bafise ubushobozi buke canke inguvu nke z'umubiri zo kwigwanirira harimwo abafise ingwara bagendana zigabanura ubushobozi bw'umubiri bwo kwigwanirira. Vyongeye hashobora kwongerwamwo abo bose baba bariko barafata imiti igabanura ubushobozi bw'umubiri wabo bwo kwigwanirira.

Reta ya Australia irategeka cane abantu bafise ubushobozi buke bw'umubiri bwo kwigwanirira ko boronswa urukingo rwa COVID-19. Moderna si urukingo ruzima. N'umutekano ku bantu basanzwe bafise ubushobozi buke bw'umubiri bwo kwigwanirira.

Abantu basanzwe bafise ubushobozi buke bw'umubiri bwo kwigwanirira harimwo n'abagendana HIV, bari mu kaga gakomeye ko kwandura ingwara ikomeye ya COVID-19, harimwo n'uko ishobora kubica.

Ubugeragezi bwo mu mavuriro hakoreshejwe Moderna bwarashizemwo abantu bafise ubushobozibuke bw'umubiri bwo kwigwanirira, ndetse umurwi mutoya w'abantu basanzwe barwaye HIV ariko ata co ibagize. Ntituzi nimba Moderna ari yo yo nziza yo gukoresha mu bantu basanzwe bafise ubushobozi buke bw'umubiri bwo kwigwanirira bigereranijwe n'abandi bantu basigaye. Birashoboka yuko Moderna ishobora kuba itari nziza ku bantu basanzwe bafise ubushobozi buke bw'umubiri bwo kwigwanirira nk'uko bisanzwe bigenda ku bandi bantu badafise iyo ngorane. Ni ngirakamaro kubandanya ubundi buryo bwo kwikingira nk'uguhana inta uhejeje kwikingiza, kuronswa urukingo.

Abagore bibungenze canke bonsa

Abagore bibungenze n'imiyabaga bategerezwa kuguma bahabwa kimwe mu bigizwe n'urukingo rwa COVID-19 harimwo mRNA, Pfizer canke Moderna, mu gihe ico ari co cose baba bibungenze. Nimba uriko uragerageza kuzotwara inda ntukwiriye kubanza kurindiriza urukingo rwawe canke ngo wiyubare gutwara inda inyuma y'urukingo.

Abagore bibungenze barwaye COVID-19 bafise amahirwe menshi yo kurwara cane hamwe n'izindi ngaruka z'ukwibungenga. Ibimenyetso ntasubirwamwo vyo kw'isi vyarerekanye yuko Moderna itagira ingaruka mbi ku bagore bibungenza kandi no ku bagore bonsa. Urashobora guhanahana ivyiyumviro ku ngingo yofatwa ku bijanye n'igihe co kuronkerezwako urukingo ukabivugana na muganga wawe yabmogoreye.

Nimba wonsa, urashobora guhabwa Moderna. Ntukeneye guhagarika kwonsa inyuma y'urukingo.

Abantu bigeze kurwara COVID-19

Nimba warigeze kurwara COVID-19 muri kahise, bibarire uwukuronsa urukingo. Uwo akuronsa urukingo ashobora kuguhana kubanza kurindira amazi ashika atandatu inyuma yuko umaze gukira imbere yuko uronswa urukingo rwa COVID-19. Nimba ufise izindi ngwara ugendana zakomotse kuri COVID-19, vugana ku gihe ciza co kuronswa urukingo n'umuganga wawe asanzwe agukurikirana, akuvura.

Moderna n'abana

Moderna yaremejwe n'amategeko ko yokoreshwa ku bantu bafise imyaka 12 n'iyirenga, kandi ntishobora guhabwa abantu bakiri bato.

Kuraba neza umutekano uterwa na Moderna

Inking zigizwe na Moderna n'izindi nkingo za COVID-19 zaragwijwe ningoga bivanye n'amahera menshi yabonetse kugira ngo habeho ubushakashatsi bwo gutora inkingo, hamwe n'ugushikira abantu benshi bitanze kugira ngo bagirirweko ivyigwa vy'ubwo bushakashatsi. Ubushakashati bunini bwegeranije abantu bashika 30,000 bwaremeje yuko Moderna itagira ingaruka mbi kandi ko ikora neza.

TGA irasuzuma inking zose zo muri Australia. Ibi biraba neza yuko kugira ngo urukingo rurinde rwemerwa, ko rutagira ingaruka mbi ku magara y'abantu kandi ko rwakozwe ku buhinga buhanitse. Ukuvuga ingene bigenda kugira ngo urukingo za COVID-19 ziruhe zemerwe ubisanga ku muhora ngurukanabumenyi wa [TGA website](#).

Ukutagira ingorane kw'inkingo za COVID-19 bizoguma bikwirikiranirwa hafi muri uyu mugambi wose wo gukinga COVID-19.

Hariho ivyegeranyo vy'ingaruka mbi zidakunze guhuta ziraboneka harimwo ukuvura kw'amaraso harimwo n'udu platelet duke duke tw'amaraso biboneka inyuma yuko uronkejwe urukingo rwa urukingo rwa Vaxzevria (AstraZeneca). Urukingo rwa AstraZeneca rukorwa mu buryo butandukanye n'ubwo Moderna ikorwamwo. Nta kimenyamenya na kimwe cerekana yuko bifatanye n'urukingo rwa Moderna COVID-19.

Urashobora gushikiriza ingaruka mbi wicuze ku waguhaye urukingo canke abandi baganga b'amagara y'abantu babimogoreye. Abo na bo bazotanga icegeranyo cemejwe n'amategeko mu kibanza cawe kuri reta yawe canke mu gisata c'amagara y'abantu mu ntara yawe canke bishikire muri TGA bitarinze guca ahandi.

Nimba wipfuzza kuvyishikiririza wewe ubwawe, usabwe kuraba ku muhora ngurukanabumenyi kuri [TGA website](#) ku bijanye n'ukugene ushobora gushikiriza icegeranyo c'ingaruka mbi zifatye ku nkingo za COVID-19.